



Pou Piblikasyon Imedya: 23/03/2020

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**PANDAN PANDEMI KONTINI COVID-19 LA, GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE
PREMYE LIVREZON EKIPMAN AK FOUNITI POU LOPITAL TANPORÈ SANT
JAVITS LA**

***Administrasyon Federal la Te Deplwaye Plizyè Santèn Milye Mask, Gan, Blouz ak
Ekran Fasyal nan New York***

***Ansyen Sekretè Gouvènè Cuomo, Steve Cohen, Bill Mulrow ak Larry Schwartz
Rejwenn Gwoup Travay sou COVID-19 Gouvènè a — Travay Murrow ak Cohen
Gen se pou Devlope Plan 'Avansman Eta NY', Estrateji pou Redemare Ekonomi
an Apre 'Eta NY nan Poz' la***

***Siyen Lòd Egzekitif ki Mandate Lopital yo Ogmante Kapasite yo a Omwen 50
Pousan - Fikse Objektif 100 Pousan Ogmantasyon nan Kapasite***

***Anonse DFS Ap Mande Konpayi Asirans Sante yo Devwale Kantite Enfimyè,
Doktè ki Anrejistre K Ap Travay Pou Yo Pou Eta a Ka Mande yo Sèvi Tanporèman***

***FDA Te Apwouve Itilizasyon Nouvo Medikaman Eksperimantal nan New York sou
yon Baz Swen Imanité***

***Eta a Ouvri Etablisman Tès Sou Volan nan Bronx — Eta a Te Ouvi 6 Etablisman
Mobil Jiska Prezan***

***Lanse Kanpay 'Ansanm, New York Pi Solid' la — Selebrite yo Voye Mesaj Videyo
Tèt yo Lakay yo pou Ranfòse Mesaj Gouvènè a Pou Jèn Moun yo Rete Lakay yo
pou Ede Sispann Pwopagasyon an — Gade Videyo [Robert De Niro](#), [Danny
DeVito](#), [Ben Stiller](#) ak [La La Anthony](#)***

***Li konfime 5,707 ka coronavirus anplis nan Eta New York - sa ki mete total nan
tout Eta a ak 20,875; nouvo ka nan 36 Konte***

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse yon premye livrezon founiti lopital pou Sant Jacob K. Javits kote FEMA kòmanse konstui yon lopital 1,000 kabann k ap ede ogmante kapasite lopital New York pou konbat COVID-19 la epi ouvri semèn pwochèn. Se yon adisyon sou kat sit Kò Enjenyèr Lame a te chwazi yo k ap kreye lopital tanporè nan sid eta New York ak kapasite total jiska 4,000. Administrasyon federal la te deplwaye 339,760 mask N-95, 861,700 mask chirijikal, 353,300 gan, 145,122 blouz ak 197,085 ekran fasyal nan Eta New York, ak anpil founiti eta ki te sitiye nan Sant Javits la.

Gouvènè a te anonse tou ke twa ansyen Sekretè Gouvènè a, — Steve Cohen, Bill Mulrow ak Larry Schwartz — ap rejwenn Gwoup Travay sou COVID-19 Gouvènè a. Mulrow ak Cohen ap gen pou devlope yon Plan Avansman Eta NY - yon estrateji pou redemare ekonomi an apre lòd egzekitif NY nan Poz la. Schwartz gen pou tach pou ede Eta a achte ekipman swen sante ak founiti epi ogmante kapasite lopital New York pou afliyans yo.

Gouvènè Cuomo te siyen jodi a yon lòd egzekitik ki egzije tout lopital yo ogmante kapasite yo a yon minimòm 50 pousan, avèk yon objektif ogmantasyon kapasite a 100 pousan.

Pou sipòte kapasite pou afliyans lopital yo, Gouvènè a te anonse Depatman Sèvis Finansye (Department of Financial Services) Eta a ap mande pou konpayi asirans sante yo devwale kantite enfimyè, doktè ak lòt pwofesyonèl sante yo anplwaye pou eta a ka kontakte anplwaye sa yo epi mande yo sèvi tanporèman nan chan medikal la pandan pandemi kontini COVID-19 la.

Gouvènè a te anonse tou ke FDA a te apwouve itilizasyon yon nouvo medikaman eksperimental nan New York sou yon baz swen imanité pou ede trete pasyan ki gen COVID-19 yo. Esè a ap itilize piki antikò pou ede estimile epi favorize sistèm iminitè moun yo kont viris la.

Gouvènè Cuomo te anonse tou ke gouvènman federal la te dakò kouvri 100 pousan depans Gad Nasyonal la. Separeman, Gouvènè a te mande tou pataj 100 pousan depans federal sou deklarasyon katastwòf majistra New York la ki te apwouve vandredi 20 mas la.

Anplis, Gouvènè a te anonse ke eta a ap ouvri yon enstalasyon egzamen mobil sou volan pou COVID-19 la nan Bronx. Sa vini apre siksè sant egzamen mobil yo nan Konte New Rochelle, Rockland, Staten Island ak Long Island anplis sa Bronx lan. Enstalasyon tèl mobil sou volan yo ede kenbe moun ki malad oswa ki gen risk pou kontrakte coronavirus la lwen etablisman swen sante yo, kote yo ta ka enfekte lòt moun. New York ap teste plis pase 16,000 moun pa jou aktyèlman, plis pase okenn lòt eta e plis pase Lachin ak Kore Disid sou yon baz pa abitan.

Gouvènè a te lanse tou kanpay 'Ansanm, NY pi Solid' k ap ankouraje Moun New York yo rete lakay yo, sispann pwopagasyon an epi sove lavi. Nan kad kanpay la, selebrite tankou [Robert De Niro](#), [Danny DeVito](#), [Ben Stiller](#) ak [La La Anthony](#) te voye videyo tèt yo lakay yo pou ranfòse mesaj Gouvènè a pou jèn mon yo rete lakay yo pa pou tèt yo, men pou ede pwoteje Moun New York ki pi granmoun ak sila ki pi vilnerab yo. Kanpay la ap vize tou mete an valè don gwo antrepriz, selebrite, òganizasyon imanité yo pou ede ogmante kapasite apwovizyonman eta a.

"Nou konnen ke fason ki pi efikas pou diminye to pwopagasyon viris la se pou diminye dansite a epi ogmante kapasite pou fè tèl yo, e nou gen yon plan anplas pou fè sa", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Nou te pran tout mezi ke gouvènman an ka pran pou diminye dansite a epi n ap fè plis tèl pase tout lòt eta nan peyi a, e kounye a, nou dwe konsantre sou ogmantasyon kapasite lopital ak kapasite estokaj nou pi rapid ke

nou kapab pou asire sistèm swen sante nou an prepare pou jere pwen kilminan afliyans lan. Nou kontinye gen pwoblèm tou ak kontwòl dansite a, espesyalman nan Vil New York, e n ap kontinye ankouraje tout Moun New York yo reflechi a lòt moun epi rete andedan jan sa posib pou pwoteje popilasyon ki pi vilnerab nou yo."

Finalman, Gouvènè a te konfime 5,707 ka Coronavirus anplis, sa ki bay yon total 20,875 ka konfime nan Eta New York. Nan total 20,875 moun tè s yo te pozitif pou viris la, repatisyon jewografik yo se konsa:

Konte	Total Pozitif	Nouvo Pozitif
Albany	127	4
Allegany	2	0
Broome	7	4
Cayuga	2	2
Chenango	3	0
Clinton	6	2
Columbia	10	5
Cortland	2	1
Delaware	3	0
Dutchess	100	18
Erie	87	33
Essex	3	0
Fulton	1	0
Genesee	1	0
Greene	4	2
Hamilton	2	0
Herkimer	4	0
Jefferson	2	1
Livingston	3	1
Madison	4	3
Monroe	76	19
Montgomery	3	0
Nassau	2,442	542
Niagara	10	4
NYC	12,305	3,260
Oneida	7	2
Onondaga	52	23
Ontario	6	0
Orange	389	142
Oswego	1	1
Otsego	1	1

Putnam	45	8
Rensselaer	29	3
Rockland	592	137
Saratoga	53	12
Schenectady	44	5
Schoharie	1	0
St. Lawrence	1	0
Steuben	4	1
Suffolk	1,458	424
Sullivan	23	7
Tioga	1	0
Tompkins	15	2
Ulster	35	9
Warren	2	1
Washington	3	2
Wayne	6	3
Westchester	2,894	1,021
Wyoming	4	2

###

Lòt nouvèl disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
 Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)